

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalawan tujuan nu tangtu. Ku kituna, ieu panalungtikan téh kudu nyoko kana métodena sangkan hasil dina ieu panalungtikan luyu jeung kaayaan (Sugiyono, 2013, kc. 2). Métode panalungtikan mangrupa runtusan kagiatan néangan bebeneran dina panalungtikan nu dimimitian ku pamikiran sangkan ngawangun rumusan masalah nepika nyiptakeun *hipotésis* awal, ogé dibantuan ku panalungtikan saméméhna nu ngajadikeun panalungtikan bisa diolah jeung dianalisis nepi ka ngawangun hiji kacindekan (Sahir, 2021, kc. 1).


Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif mangrupa métode ngaliwatan prosés panalungtikan dumasar kana persépsi tina hiji kajadian atawa *fenomena* anu datana ngahasilkeun analisis déskriptif anu mangrupa kalimah sacara lisan tina objék panalungtikan (Sahir, 2021, kc. 6). Ieu fénoména bisa mangrupa hiji hal nu kaalaman ku subjek panalungtik saperti perilaku, persépsi, motivasi, laku lampah sacara *holistik* anu dideskripsikeun dina wong kekecapan sarta ngagambarkeun kondisi saayana (Fiantika, dkk, 2022, kc 5.) Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analitik. Métode déskriptif analitik mangrupa panalungtikan nu diarahkeun pikeun méré fakta atawa kajadian-kajadian sacara sistematis jeung *akurat*, ngeunaan sipat-sipat *populasi* (Gainau, 2021, kc. 27).

#### **3.1. Desain Panalungtikan**

Dina panalungtikan perlu ayana desain panalungtikan nu miboga pungsi sangkan leuwih babari dina panalungtikanana. Ieu panalungtikan ngaliwatan sababaraha léngkah, nyaéta, 1) tatahar, ngawengku nangtukeun judul, ngidéntifikasi masalah jeung nangtukeun instrumen, 2) ngumpulkeun data, ti mimiti obsevasi, wawancara, dokuméntasi jeung, talaah pustaka, 3) ngolah, nganalisis jeung nafsirkeun data, 4) nyieun kacindekan, jeung 5) nyieun laporan. Sangkan leuwih

jéntré desain anu dipaké dina ieu panalungtikan digambarkeun saperti bagan di handap.

### **Bagan 3. 1 Désain Panalungtikan**



### **3.2. Téhnik Panalungtikan**

Téhnik dina ieu panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data. Sangkan leuwih jéntré dipedar saperti ieu di handap.

#### **3.2.1. Téhnik Ngumpulkeun Data**

Sugiyono (2013, kc. 224-225) nétélakeun yén téhnik ngumpulkeun data dina panalungtikan bisa dilakonan ku sababaraha cara. Nilik kana *setting*, data bisa dikumpulkeun dina *setting alamiah*, dina laboratorium ngaliwatan *eksperimen*, di imah kalawan *responden*, dina seminar ngaliwatan diskusi, jeung sajabana. Nilik tina jihad sumber datana, ngumpulkeun data aya nu maké sumber *primer* jeung sumber *sekunder*. Téhnik ngumpulkeun data nu paké dina ieu panalungtikan nyaéta talaah pustaka, observasi, wawancara, dokuméntasi, jeung transliterasi naskah.

##### **1) Talaah Pustaka**

Téhnik talaah pustaka dina ieu panalungtikan nyaéta ngumpulkeun data ku cara macaan jurnal jeung buku nu bisa diaksés sacara *online* sarta buku-buku nu di pabukon, ogé buku-buku pribadi nu jadi sumber data atawa référénsi dina ieu panalungtikan.

##### **2) Observasi**

Dina tahapan observasi bisa nyangking data ku cara nempo langsung, ngabandingkeun, ngambeu, sarta ngabandungan objék nu ditalungtik (Yusuf, 2014, kc 384). Observasi jadi salahsiji téhnik ngumpulkeun data nu ilaharna dipaké dina panalungtikan kualitatif anu dina hakékatna maké *pancaindera*, pikeun meunangkeun informasi nu dibutuhkeun dina ngajawab pasuanan panalungtikan (Wesli, 2015, kc. 62).

Tina prosés lumangsungna ngumpulkeun data, observasi bisa dibédakeun jadi dua rupa, di antarana: *participant observation* jeung *non participant observation*. Satulunya tina instruméntasi nu dipaké, observasi bisa dibédakeun jadi observasi *terstruktur* jeung observasi henteu *terstruktur* (Sugiyono, 2013, 145). Tujuan observasi nyaéta pikeun niténan pupujian nu aya di wewengkon panalungtikan.

**Tabél 3. 1 Indkator anu Diobservasi**

No.	Indikator anu Diobservasi	Kabutuhan	
		✓	✗
1.	Ayana pangajian	✓	
2.	Ayana pupujian nu dihaleuangkeun	✓	
3.	Palaku nu ngahaleuangkeun pupujian	✓	
4.	Basa nu nyangkaruk tina pupujian	Sunda	✓
		Indonésia	✗
		Arab	✓
5.	Eusi pupujian saluyu jeung pamadegan Yus Rusyana	✓	
6.	Pungsi pupujian salaku eksprési pribadi, sosial, jeung média atikan	✓	
7.	Pupujian diajarkeun ka masarakat	✓	

### 3) Wawancara

Wawancara mangrupa salahiji téhnik ngumpulkeun data pikeun nyangking informasi ku cara nanya langsung ka réspondén atawa narasumber (Gainau, 2021, kc. 109). Wawancara atawa *interview* nyaéta téhnik ngumpulkeun data nu kagiatanana mangrupa tanya jawab jeung objék nu ditalungtik atawa ka *perantara* nu mikanyaho pasualan tina objék nu ditalungtik (Hasan, 2009, kc. 56).

Wawancara bisa dilakukeun sacara *terstruktur* atawa henteu *terstruktur* sarta bisa lumangsung sacara langsung (*face to face*) ogé ngaliwatan telepon (Sugiyono, 2013, kc. 138). Ceuk Sugiyono kénéh, wawancara anu *terstruktur* dipaké saupama panalungtik geus mikanyaho kalawan pasti ngeunaan objék nu ditalungtikna. Sedengkeun, wawancara henteu *terstruktur* mangrupa wawancara nu bébas dina hartian panalungtik henteu ngagunakeun pedoman wawancara nu geus disusun sacara sistematis sarta lengkap pikeun ngumpulkeun datana. Wawancara dina ieu panalungtikan dipiharep bisa meunangkeun data saloba-lobana ti narasumber sarta bisa nginvéntarisir naskah pupujian nu bisa jadi mangpaat pikeun kahirupan.

### 4) Dokuméntasi

Dokumentasi bisa mangrupa tulisan, gambar, atawa karya-karua *monuméntal*. Dokuméntasi di ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadokuméntasikeun

kagiatan sangkan aya tapakna sanggeus nalungtik ieu panalungtikan. Dokuméntasi ogé jadi bukti yén ieu panalungtikan téh asli.

## 5) Transliterasi Naskah

Transliterasi nyaéta ngaganti aksara awal kana aksara séén. Tujuan ayana transliterasi dina ieu panalungtikan nyaéta panulis kudu ngatransliterasi naskah pupujian tina aksara arab pégon kana aksara latén nu geus kapanggih di Désa Gombong, Kecamatan Ciawi, Kabupatén Tasikmalaya. Ieu hal lantaran naskah nu dibeunangkeunna maké aksara arab pégon sangkan babari dina nganalisis atawa ngolah datana.

### 3.2.2. Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa téhnik dina nganalisis data nu eus dikumpulkeun tina hasil panalungtikan. Sacara umum analisis data ngawengku tilu hal, nyaéta tatahar, tabulasi, jeung ngamangpaatkeun data luyu jeung pamekaran nu dipaké (Arikunto, 2013, kc 278).

Dina ieu panalungtikan, téhnik ngolah data nu dipaké nyaéta téhnik analisis kalawan ngagunakeun tiori-riori nu geus ditangtukeun. Anapon anu dianalisis nyaéta puisi pupujian dumasar kana struktur lahir jeung struktur batin. Sanggeus dianalisis strukturna, satulunya dianalisis ajén moral nu nyangkaruk dina pupujian. Pamungkas, puisi pupujian nu ditalungtik, dipilih salahsijina pikeun dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun siswa kelas VII SMP.

Sangkan leuwih jéntré, téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan didéskripsi keun kieu.

- 1) Naskah pupujian nu geus kapanggih ditransliterasi tina aksara arab pégon ka aksara latén, sangkan leuwih babari dina nganalisis datana.
- 2) Panalungtik nangtukeun dalapan téks pupujian nu luyu jeung klasifikasi pupujian dumasar kana eusina nurutkeun Yus Rusyana. Masing-masing 2 pupujian ti unggal eusina.
- 3) Panalungtik nganalisis struktur pupujian dumasar kana ulikan struktural nu nyoko kana tiori Alton C. Morris jeung I.A. Richard.

- 4) Panalungtik nganalisis ajén moral nu nyangkaruk dina pupujian dumasar kana tiori Warnaen.
- 5) Salasahiji téks pupujian nu aya di Désa Gombong, Kecamatan Ciawi, Kabupatén Tasikmalaya dijadikeun bahan ajar dumasar kana tiori Haerudin dina padika milih bahan pangajaran.

### **3.3. Instrumén Panalungtikan**

Dina panalungtikan kualitatif, nu jadi instrumén atawa alat panalungtikan nyaéta panalungtik éta sorangan. Ku kituna, panalungtik salaku instrumén kudu *divalidasi* dina kasiapan lumangsungna panalungtikan di lapangan (Sugiyono, 2013, kc. 222). Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta instrumén dina ngumpulkeun data jeung instrumén dina ngolah data. Sangkan leuwih jéntré instrumén dina ieu panalungtikan dipedar saperti ieu di handap.

#### **3.3.1. Instrumén Panalungtikan dina Ngumpulkeun Data**

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun sababaraha instrumén sangkan nyangking data jeung hasil nu nyugemakeun. Instrumén nu digunakeun nyaéta instrumén talaah pustaka, format observasi, pedoman wawancara, média dokuméntasi, jeung instrumén transliterasi. Anu dipedar saperti kieu.

#### **1. Instrumén Talaah Pustaka**

**Tabél 3. 2 Studi Pustaka**

No	Buku	Keterangan

#### **2. Format Observasi**

**Tabél 3. 3 Observasi ka Lapangan**

No.	Waktu	Tempat	Kagiatan
1.	9 Désember 2023	Masjid At-Ta’awun (Bojongloot)	Pangajian Ibu-Ibu (Mingguan)
2.	4 Januari 2024	Madrasah Baiturrohman (Bojongloot)	Pangaosan Sasihan
3.	8 Februari 2024	Masjid At-Ta’awun (Bojongloot)	Pangajian barudak unggal magrib

4.	16 Pébruari 2024	Masjid As-Suhada (Majapait)	Pangajian Ibu-Ibu (Mingguan)
5.	20 Pébruari 2024	Masjid Nurul Istiqomah (Bugel)	Pangajian Ibu-Ibu (Mingguan)
6.	22 Pébruari 2024	Masjid Darussalam (Sukamandi)	Pangajian ibu-ibu (Mingguan)
7.	26 Pébruari 2024	Masjid Al-Falah (Pananyung)	Pangajian bulanan
8.	28 Pébruari 2024	Masjid Nurul Iman (Karamasantana)	Pangajian Ibu-Ibu (Mingguan)
9.	29 Pébruari 2024	Masjid Al-Hidayah (Gombong)	Pangajian ibu-ibu (Mingguan)
10.	4 Maret 2024	Masjid At-Taqwa (Pocol)	Pangajian Ibu-Ibu (Mingguan)
11.	9 Maret 2024	Masjid Darurrohman (Buniasih)	Pangajian Ibu-Ibu (Mingguan)

### 3. Pedoman Wawancara

**Tabél 3. 4 Pedoman Wawancara**

<b>Wasta: Poé, Tanggal:</b>	
<b>No</b>	<b>Daptar Patarosan</b>
1.	Naon anu kauninga ku Bapa/Ibu ngeunaan pupujian?
2.	Kumaha kamandang Bapa/Ibu ngeunaan pupujian di jaman kiwari, hususna di Désa Gombong?
3.	Kumaha sajarah jeung sumebarna pupujian di Désa Gombong?
4.	Ti iraha Bapa/ Ibu biasana ngadangu haleuangna pupujian?
6.	Pupujian naon waé nu sok dihaleuangkeun di Désa Gombong?
7.	Saha nu sok ngahaleuangkeun pupujian?
8.	Kumaha cara ngajarkeun pupujian sangkan bisa ditarima tur dipikaresep ka barudak jaman kiwari?
9.	Basa naon waé nu aya dina pupujian di Désa Gombong?
10.	Aya sabaraha vérsi naskah pupujian nu aya?
11.	Unggal waktu solat naon dihaleuangkeun pupujian?

### 4. Narasumber

**Tabél 3. 5 Narasumber**

<b>No</b>	<b>Narasumber</b>	
	<i>(Potréti narasumber)</i>	
	Ngaran	
	Umur	
	Pakasaban	

Erina Shofia Shobariyah, 2024

**PUPUJIAN DI DÉSA GOMBONG KECAMATAN CIAWI KABUPATÉN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN**

**PANGAJARAN NGAREGEPEKUN DI SMP KELAS VII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	Padumukan
--	-----------

**Tabél 3. 6 Data Pupujian**

No	Judul Pupujian	Narasumber

**5. Alat Rékam**

Dina lumangsungna ieu panalungtikan, aya média nu ngarojong pikeun nyangking informasi tina hasil observasi jeung wawancarati para narasumber. Ayana ieu alat téh sangkan nyingkahan tina hal-hal nu teu dipikahayang, saperti poho kana data nu geus dicangking atawa aya data nu leungit. Salian ti éta ogé ayana alat rékam téh jadi bukti yén ieu panalungtikan téh dihasilkeun tina data nu asli atawa lain rékaan

- a. Kaméra *handphone*, alat pikeun ngadokuméntasikeun téks pupujian, tempat jeung narasumber anu diwawancara, sarta ngarékam *video* pupujian nu dihaleuangkeun
- b. Alat ngarékam dina *handphone* , pikeun ngarékam data sacara lisan ti narasumber.

**6. Transliterasi**

Judul Pupujian:
-----------------

Téks Pupujian aksara Arab Pégon:
----------------------------------

Transliterasi Téks Pupujian kana aksara Latén:
--

**Gambar 3. 1 Kartu Data Transliterasi Téks Pupujian****3.3.2. Instrumén Panalungtikan dina Ngolah Data**

Instrumén panalungtikan dina ngolah data nyaéta analisis unsur puisi, boh unsur lahir boh unsur batin. Di handap mangrupa tabél instrumén dina ngolah data.

**Tabél 3. 7 Tipografi/ Tatarupa**

Sempalan Rumpaka	Jumlah Engang	Keterangan

**Tabél 3. 8 Diksi**

Diksi	Sempalan Rumpaka	Keterangan

**Tabél 3. 9 Imaji jeung Kecap Kongkrit**

Imaji	Kecap Kongkrit	Sempalan Rumpaka	Keterangan

**Tabél 3. 10 Gaya Basa**

Gaya Basa	Sempalan Rumpaka	Keterangan

**Tabél 3. 11 Purwakanti**

Purwakanti	Sempalan Rumpaka	Keterangan

Judul pupujian:

Téma:

Rasa:

Nada:

Amanat:

**Gambar 3. 2 Kartu Data Analisis Struktur Batin Pupujian**

### 3.4. Sumber Data Panalungtikan

Sumber data mangrupa subjék data nu bisa dicangking saupama panalungtik maké kuisionér atawa wawancara dina ngumpulkeun datana (Wesli, 2015, kc. 56). Ku kituna, sumber data nu dihasilkeun di antarana: *person*, nyaéta sumber data nu mangrupa jalma; *place*, nyaéta sumber nu mangrupa tempat; jeung, *paper*, nyaéta sumber data nu mangrupa dokumén (Arikunto, 2013, kc. 172).

Nurutkeun (Sugiyono, 2013, kc. 225) sumber data téh aya dua, nyaéta sumber data primér jeung sumber data sékunder. Sumber primér mangrupa sumber data anu langsung méré data ka nu ngumpulkeun data. Sedengkeun, sumber data sékunder

mangrupa sumber nu henteu langsung méré data nu ngumpulkeun data, upamana ngaliwatan jalma séjén atawa ngaliwatan dokumén. Sumber data dina ieu panalungtikan dicangking tina buku jeung jurnal nu nu patali jeung panalungtikan sarta ti narasumber nu katitén maham kana objék panalungtikan.

### **3.4.1. Lokasi Panalungtikan**

Lokasi nu dijadikeun tempat ieu panalungtikan nyaéta Désa Gombong, Kecamatan Ciawi, Kabupatén Tasikmalaya. Désa Gombong kabagi jadi 6 Dusun kalawan 11 RW jeung 35 RT Désa Gombong, Kecamatan Ciawi, Kabupatén Tasikmalaya miboga luas wilayah 597,14 Ha. Jumlah pendudukna 2.371 jiwa jeung jumlah KK nyaéta 1513 KK.

Wates administratif pamaréntah Désa Gombong, Kecamatan Ciawi, Kabupatén Tasikmalaya di belah wétan ku Désa Bugel jeung Désa Geresik, dibelah kulon ku Désa Karangsambung, dibelah kalér ku susukan Cideres, sarta di belah kidul ku Désa Kertamukti.

Dina ieu panalungtikan henteu sakabéh dijadikeun lokasi panalungtikan. Tapi ngahususkeun kahiji wewengkon nyaéta kampung Bojongloot, RW 01, RT 01 Désa Gombong, Kecamatan Ciawi, Kabupatén Tasikmalaya. Sangkan leuwih jéntré, di handap mangrupa gambar peta lokasi Désa Gombong, Kecamatan Ciawi, Kabupatén Tasikmalaya. (Sumber: *Sekretaris Désa Gombong*).



**Gambar 3. 3 Péta Wilayah**

### 3.4.2. Narasumber

Dina panalungtikan kualitatif sumber data ieu téh disebut “répondén”, nyaéta jalma nu méré réspon atawa pamadegan ngeunaan naon nu dipénta ku panalungtik. Anapon nu jadi narasumber dina ieu panalungtikan nyaéta warga masarakat lembur Bojongloot. Aya sababaraha narasumber dina ieu panalungtikan, di antarana disebutkeun dina tabél di handap.

**Tabél 3. 12 Data Narasumber**

No	Narasumber	
1		
	Ngaran	Dewi Asiyah
	Umur	83 taun
	Wanda baga	Awéwé
	Pakasaban	-
	Padumukan	Désa Gombong, RT 02, RW 02
2.		
	Ngaran	Enjang Kamaludin
	Umur	47 Taun
	Wanda baga	Lalaki
	Pakasaban	Pupuhu DKM Masjid At-Ta'awun, Guru ngaji
	Padumukan	Désa Gombong, RT 01, RW 01
3.		

	<table border="1"> <tr><td>Ngaran</td><td>Abdul Kodir</td></tr> <tr><td>Umur</td><td>60 Taun</td></tr> <tr><td>Wanda baga</td><td>Lalaki</td></tr> <tr><td>Pakasaban</td><td>Pupuhu Madrasah Baiturrohman</td></tr> <tr><td>Padumukan</td><td>Désa Gombong, RT 02, RW 02</td></tr> </table>	Ngaran	Abdul Kodir	Umur	60 Taun	Wanda baga	Lalaki	Pakasaban	Pupuhu Madrasah Baiturrohman	Padumukan	Désa Gombong, RT 02, RW 02
Ngaran	Abdul Kodir										
Umur	60 Taun										
Wanda baga	Lalaki										
Pakasaban	Pupuhu Madrasah Baiturrohman										
Padumukan	Désa Gombong, RT 02, RW 02										
4.	 <table border="1"> <tr><td>Ngaran</td><td>Wati</td></tr> <tr><td>Umur</td><td>83 Taun</td></tr> <tr><td>Wanda baga</td><td>Awéwé</td></tr> <tr><td>Pakasaban</td><td>-</td></tr> <tr><td>Padumukan</td><td>Désa Gombong, RT 01, RW 01</td></tr> </table>	Ngaran	Wati	Umur	83 Taun	Wanda baga	Awéwé	Pakasaban	-	Padumukan	Désa Gombong, RT 01, RW 01
Ngaran	Wati										
Umur	83 Taun										
Wanda baga	Awéwé										
Pakasaban	-										
Padumukan	Désa Gombong, RT 01, RW 01										
5.	 <table border="1"> <tr><td>Ngaran</td><td>Agus Somad</td></tr> <tr><td>Umur</td><td>52 Taun</td></tr> <tr><td>Wanda baga</td><td>Lalaki</td></tr> <tr><td>Pakasaban</td><td>Guru ngaji</td></tr> <tr><td>Padumukan</td><td>Désa Gombong, RT 02, RW 02</td></tr> </table>	Ngaran	Agus Somad	Umur	52 Taun	Wanda baga	Lalaki	Pakasaban	Guru ngaji	Padumukan	Désa Gombong, RT 02, RW 02
Ngaran	Agus Somad										
Umur	52 Taun										
Wanda baga	Lalaki										
Pakasaban	Guru ngaji										
Padumukan	Désa Gombong, RT 02, RW 02										

### 3.4.3. Dokumén

Data anu aya dina ieu panalungtikan mangrupa naskah anu maké aksara Arab pégon, aksara Arab, jeung aksara latén. Naskah anu maké aksara Arab Pégon jumlahna aya 39 naskah, anu maké aksara latén aya tilu naskah, sarta anu maké aksara Arab aya sanaskah. Naskah anu maké aksara Arab pégon, sakabéhna geus ditransliterasi kana aksara latén sangkan panalungtik bisa maham kana eusi pupujian anu satulunya dipilih pikeun dianalisis struktur lahir jeung batin sarta ajén moralna.